# ORTA AZIYA TERISHILIK ÓNERMENTSHILIGINIŃ RAWAJLANIW TARIYXI, ABZALLIQLARI HÁM TEXNOLOGIYALARINIŃ JETILISIP BARIWI

**Dauletmuratova Miyuagul,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámeketlik muzeyiniń Jańa tariyx bólimi baslıǵı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19603955

***Annotaciya.*** *Maqalada Orta Aziyada teri buyımlarınan paydalanıw tariyxı, onıń fizikalıq-ximiyalıq qásiyetleri, terige islew beriw texnologiyalarınıń jetilisiwi hám Qaraqalpaqstan Pespublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi fondlarında saqlanıp atırǵan teri buyımları haqqımda sóz etiledi.*
***Tayanısh sozler:*** *Terishilik, etnografiya,texnologiya, ornament, mádeniy miyras*

***Annotation.*** *The article discusses the history of leather goods usage in Central Asia, their physicochemical properties, advancements in leather processing technologies, and leather goods preserved in the collections of the State Museum of History and Culture of the Republic of Karakalpakstan.*
***Key words****: Leather, ethnography, technology, ornament, cultural heritage*

Orta Aziya onermentshiliginiń eń alǵashqı túrleriniń biri terishilik bolıp esaplanadı.Sharwashılıqtın rawajlanǵanı,turmıs tárziniń kóshpeli xarakterge iye bolıwı,áskeriy talaplar hám tabiyiy klimat sharaitı terige bolǵan talaptı uslap turǵan.Teri erte dáwirlerden baslap tutınıw tovarları,áskeriy buyımlar,transport quralları ushın zárur material bolǵan. Arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde Xorezm,Zarafshan,Fergana aymaqlarında teriden túrli maqsetlerde paydalanılǵanlıǵın; kiyim-kenshek,ayaq-kiyim,xojalıq ıdısları,suw saqlaw mesleri,oq-dári saqlaw ushın sadaqlar,er-juwen elementleri,teri qayıslar,bezek buyımları,áskerler ushın teri zirx,qalqanlar tayarlanǵanın kóriwge boladı.Bunıń barlıǵı teriniń universal qásiyetlerine baylanıslı bolǵan. Teriniń tiykarı kollagennen quralǵan bolıp, tábiyiy bekkem, qattı basımǵa shıdamlı,ańsatlıq penen ezilip yamasa úzilip ketpeytuǵın, uzaq waqıt xızmet qılatuǵın material.Teri buyımları kóshpeli xalıqlar uzaq jerlerge saparǵa yamasa áskeriy atlanıslarǵa shıqqanda oǵada kerekli hám qolay buyımlar bolǵan. Olar jeńil, alıp júriw ańsat bolǵanlıǵı ushın kóshpeliler mádeniyatında keń qollanılǵan, teriden islengen jipler,qalta,ıdıslar,juwen,erler artıq salmaq salmaǵan.

Teri buyımları hawa rayına shıdamlı bolıp,olar ıssı hám suwıqta óz qásiyetlerin joytpaydı,ıssılıqtı saqlaydı,samal,ızǵar ótkermeydi,jarılıp ketpeydi.Teriniń bul qásiyetleri onı kiyim,ayaq-kiyim,áskeriy buyımlar tayarlawda ideal materialǵa aylantırǵan. Orta Aziyada jazda ıssı hám qısta suyıq bolǵanlıǵı teriniń áhmiyetin jánede asırǵan.Teri tez formaǵa kiriwshi, iyiliwshi material bolǵan. Onı suwda jumsatqanda qálegen formaǵa keltiriw múmkin, oyıp naǵıs salıw,sızıwǵa,boyawǵa

qolay bolǵan,sonlıqtan teri buyımlar estetik áhmiyetge iye bolǵan. Bunı qaraqalpaq, turkmen buyımlarınan kóriwge boladı.

Áskeriy saladada teriden islengen qalqan, zirx,oq-dári salatuǵın futlyarlar islengen,olar metall sıyaqlı awır bolmaǵan, biraq qılısh yamasa oq hújimin jumsartqan, oq-dárilerdı suwıq hám ızǵardan saqlaǵan.Sonıń ushın sak hám skif áskerleriniń tiykarǵı buyımları teri bolǵan.Teri buyımlarınıń keń tarqalıwınıń jáne bir eń tiykarǵı sebebleriniń biri –sharwashılıq Orta Aziyada tiykarǵı xojalıq túri bolǵanlıqtan teri kóp hám arzan,dásturiy material bolǵan.Teri túrli mútájliklerge isletiliwi sebepli ısrap bolmaǵan, hár-bir úyde teriden islengen buyımlar bolǵan.Teri buyımları uzaq jıllar xızmet qılǵan,jırtılıp yamasa tesilip qalǵandada jónlew,bóleklerin almastırıw qıyın bolmaǵan.Bul qásiyeti erte dawirlerdede adamlar ushın júdá áhmiyetli bolǵan.

Terige islew beriw usıllarıda apiwayı bolǵan, erte dáwirlerde apiwayı miynet quralları; tas pıshaq,súyekten islengen qırǵısh,ótkir keń júzli temir áspablar dan paydalanılǵan,oǵan kerekli bolǵan duz,ósimlikler,haywan mayı,qatıq,sút sıyaqlı ónimlerde kóp bolǵan. Sonlıqtan awıldıń apiwayı xalqıda bul isti epley alǵan.Biraq terige islew beriw texnologiyaları mıń jıllıqlar dawamında jetilisip barǵan, erte dáwirlerde úy jaǵdayında apiwayı zatlar menen,keyinrek ustaxanalarda quramalı agregatlar hám organik zatlar tásirinde ámelge asırılǵan.

Dáslep terini mexanik tazalaw jumısarı ámelge asırılip teri qan daqlarınan, pataslıqlardan,teri astındaǵı qosımsha kereksiz qatlamlardan ,teri astı maylarınan tazalanǵan, teri suwıq suw menen juwılıp,soń suwǵa uzaq waqıtqa salıp qoyılǵan,sebebi jaqsılap tazalanbasa islew beriwde keyingi paydalanılatuǵın zatlar terige sińbey qalıp,teride isiniw,qarayıw,iyisleniw payda etiwi mumkin bolǵan.

Teri tez zıyanlanatuǵın organik zat bolǵanı ushın alǵashqı texnologiyalarda onı tazalaǵannan soń,darriw mol duz benen duzlaǵan, bul process bakteriya hám mikroorganizmlerdiń kóbeyiwin toqtatqan,ızǵardı shıǵarıp taslap,kollagendi bekkemlegen. Soń terini bir-neshe saat suwǵa salıp qoyıp, terige sozılıwshańlıq bergen.Burıngı ustalar terini tas ústine yamasa taqtaydıń ústine qoyıp sozıw arqalı juqalaǵan.Bul basqıshta teri bir tegis bolıp juqaradı,elastikligi asadı.Dáslepki texnologiyalarda terige islew beriwde qatıqdan da paydalanılǵan. Sebebi qatıqta laktoza, sut kislotası hám probiotik organizmler bar. Sut kislotası terige jeńil dárejede kislota sharaitında islew bergen, nátiyjede teriniń iysi ketip, jumsaǵan.Hátte sút penen aǵartırıp,reńin tınıqlastıp,teri júzi tegis hám estetik kóriniske iye boladı.Terini quyashta keptiriwge bolmaydı,bul qattı etip taslaydı hám jarılıwına alıp keledi.Teri tiykarınan saya jerde, hawa aylanıp turatuǵın,samal ótpeytugın,biraq ıssı emes bólmelerde keptirilgen.

Arxeologiyalıq izertlewler XIII-XIV ásirde Xorezmde terishilik joqarı dárejede rawajlanǵanın kórsetedi.Jazba maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda Xorezm X ásirden baslap teri ónimlerin eksport etip otırǵan.Sál keyinlew Xorezmge Tómengi Volga boylarınan terige islew beriw ushın aǵash qabıqları alıp kelingen.[2-110b]Terishilik

islep shıgarıwı at jılawları,bawları hám ayaq kiyim islep shıǵarıwda ásirese kózge taslanǵan.Terishilik ustaxanaları awıl shetlerinde,salma boylarına jaqın jaylasqan.

XIX ásir aqırı -XX asr baslarında Orta Aziyada terishilik óneri dásturlik qol miyneti menen sanaat texnologiyası ortasındaǵı ótiw dáwirin basınan keshirdi.Terishilik ónermentshiligi bazar múnásibetleri hám sanaat tásiri astında jáne de rawajlanıp, jańa texnologiyalar keń qollanıla basladı.Bul dawirge kelip terishilik awıl xojalıgı menen birgelikte qáliplesip,mal sharwashılıǵınıń ósiwi,qala ónermentshilik orayları jumıslarınıń jetilisiwi, Rossiya hám Evropa bazarları menen baylanıslar kúsheyiwi nátiyjesinde sıpatı jaǵınan joqarı basqıshqa kóterildi. Xiywa,Buxara,Qoqan,Tashkent sıyaqlı úlken qalalarda terishilik ustaxanaları payda bola baslaydı. XIX -ásir ekinshi yarımınan baslap Rossiya bazarına teriden islengen buyımlar qayıs,er-juwen sıyaqlı teri buyımları eksport etile baslaǵan.Karwan jolları arqalı Astraxan,Orenburg,Kazan menen sawda baylanısları kúsheyedi.

Terige islew beriw usılları jánede jetilesedi,aspablar metallasadı, mexanizaciya,ximiyalıq moddalar hám tez islew beriw usulları payda boladı,tabiyiy boyawlar menen birgelikte basqa jasalma boyawlar paydalanıla baslaydı.Nátiyjede ónimlerdiń sırtqı kóriniside jaqsılanadı, reńi qáliplesedi.Teriden er-juwenler,ayaq kiyimler,bezekli qayıslar,úy xojalıq buyımları; qaplar,quman qabı,ıdısqaplar hám t.b buyımlar tayarlanadı. XX asr baslarında terishilik ónimleri tayarlaytuǵın óz aldına kárxanalar payda bola baslaydı.

Qaraqalpaqlardıń sharwashılıq penen shuǵullanıwı bul xalıqtada terishilik ónermentshiliginiń joqarı dárejede rawajlanıwına jaǵday jaratıp bergen.Hár qıylı haywan terilerinen islengen buyımlar kóshpeliler mádeniyatında úlken ahmiyetke iye bolǵan.Qaraqalpaqstan aymaǵında terishilik ónermentshiligi kóshpeli hám yarım kóshpeli turmıs tarzi elementlerine bay.Tiykarınan qaramal,túye, jılqı terilerinen paydalanılǵan.[1-127b] Boyawlarda qızǵısh-qara hám qońır reń basım bolǵan. Ornamentlerinde de kóshpeliler mádeniyatına tiyisli belgiler saqlanıp qalǵan.Bunday teri buyımlarına birinshi náwbette attıń bezeniw buyimları kiredi.Attıń bezeniw buyımları Orta Aziyada, sonıń ishinde qaraqalpaq,qazaq,turkmen hám ózbek xalıqlarında kórkem madeniyattıń ajıralmas bólegi esaplanǵan.Sebebi terige naǵıs túsiriwdiń qolaylılıǵı, attıń eri,jılaw,júwen,bawların tek ǵana ámeliy emes dekorativ buyımǵa aylantırdı. Bunı Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi kollekciyalarında saqlanıp atırǵan terishilik buyımları úlgileri mısalında kóriwge boladı.Bul buyımlar tiykarınan XIX-ásir aqırı XX-ásir baslarına tiyisli,máselen, «**jipek jona**»(1-súwret)-bul attıń ústine jabılatuǵın júnnen islenip,ústine teri basıp sırılǵan,shetleri jipek sabaqlar menen nagıslap kestelengen jamılǵı. Teri bul jerde birinshiden,bekkem material bolǵanlıǵı sebepli naǵıslanǵan jipek sabaqlar menen birgelikte astındaǵı júnnen islengen kiyizdi bólinip ketiwden saqlaydı,uzaq xızmet etiwin támiynleydi.Ekinshiden, jipek sabaqlar menen birge ajayıp kompoziciya payda etip, buyımga estetikalıq kórik berip tur.Jipek jonalar attıń eriniń astına

tóselip erdi bekkem uslap turgan hám aǵashtıń attıń denesine batıp,jaraqatlanıwdan saqlaǵan.

Muzey kollekciyasında saqlanıp atırǵan jáne bir buyım «**Aq baslı er**» bekkem aǵashtan islenip,ústi tárepi teri menen qaplanǵan,súyekten bezek berilgen,teri aǵashqa mayda shegeler menen bekkemlengen.Shegeler nagıslap qaǵılǵan.Bunda erde otıratuǵın adam ushın da qolay bolǵan,er ústi jumsaq,jane sırǵanaq bolmaǵan hám bezek sıpatında paydalanılǵan. Erdi bekkemlep uslap turıwshı teriden islengen attıń bauları, juwenleri, «tebingi» dep atalǵan zánginiń artına(temir zánginiń attıń denesin jaraqatlanıwdan saqlaǵan) tutılatuǵın teri buyımı haqqında da usı sıpatlamalardı beriwge boladı.Bunnan basqa attıń xosh,ayıl,sinement,quyısqan,taralǵı,qos baw hám t.b buyımları teriden islengen.

Teriden islengen ayaq kiyimler bekkem,shıdamlı,ızǵar ótkermeytuǵın bolıp,uzaq waqıt xızmet qılǵan. Qaraqalpaqlardıń súyir tumsıqlı «**aq pushta etik**» dep atalǵan erkekler uzın etigi, tábiyiy teriden sulıw hám óksheli etip islengen«**sáwir gewish**»dep atalatuǵın hayal-qızlar ayaq kiyimi,másileri hám t.b ayaq kiyim túrleri bolǵan. Hayal-qızlardıń teriden islengen ayaq-kiyimlerine arnawlı qalipler arqalı, ótkir metall aspablar menen baspa naǵıslar túsirilgen, olar turli geometrik formalar kórinisinde, dásturiy naǵıs qoshqar shaqı kórinisinde bolǵan,oǵan qosımsha gúmisren sımlar,metall bezekler menen bezetilgen.

Orta Aziya sharwa xalıqlarında,sonıń ishinde qaraqalpaqlarda qádirlengen jáne bir teriden islengen buyımlar bular cháynek hám kesalar ushın arnalǵan **«shınıqap»**lar esaplanadı.Forfor hám fayanstan islengen cháynek,kesalar sharwalar arasında qımbat bahalı buyım sıpatında júdá qádirlengen.Sonıń ushında olardı sındırıp qoymay qádirlep saqlaw,ózleri menen qáwipsiz alıp júriw ushın shınıqaplardı oylap tapqan.Shınıqaplar ushın túye,mal hám jılqı terilerinen paydalanılǵan.Teri boleklerin qurastırıw hám naǵıslı bezekler beriw ushın jipek jiplerden,mıs yamasa gúmis sımlardan paydalanılgan. Úshmúyeshlik,rombı,kvardat sıyaqlı geometrik naǵıslar isletilgen.

Qaraqalpaqlardın teriden islengen qızıqlı etnografiyalıq elementleriniń biri bul un, dán ónimlerin saqlaytuǵın **«shanash»**dep atalatuǵın buyımı. Shanashlar mayda mal(qoy,eshki) terisinen islengen. Bunda teri solayınsha sıtıp alınıp,ayaq tárepi hám bas tarepi tigip taslanadı,biraq quyrıq tárepi ashıq qaldırıladı.Terini qol menen jaqsılap ezip,sozıp islew beriledi.Tazalanǵannan soń teri tábiyiy boyawlarǵa boyalıp sarı yamasa qızǵish sarı reńge kiredi.

Juwmaqlaw sıpatında sonı aytıw múmkin Orta Aziya xalıqları turmısında teri buyımları erte dáwirlerden úlken áhmiyetke iye bolǵan.Aymaqtıń tábiyiy-ekonomikalıq jaǵdayı, ásirese sharwashılıqtın rawajlanǵanı,terishilik óneriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı ushın jaǵday tuwdırıp bergen.Erte dawirlerde teriden kúndelik mútajlikler ushın kiyim-kenshek,ayaq kiyim,at buyımları,úy-xojalıq buyımların tayarlawda paydalanılǵan bolsa,keyinirek bul tarawda jumıs alıp baratuǵın arnawlı ustaxanalar hám ónermentshilik orayları payda bolǵan.Teriden islengen buyımlar ózinin bekkemligi,uzaq múddet xızmet etiwi,tábiyiyligi hám

estetik kórinisi menen ajıralıp turadı.Sonıń ushın da teri buyımları tek ǵana ámeliy áhmiyetke iye bolıp qoymasdan,bálkim xalıqlardıń mádeniy miyrası menen kórkem ónerin kórsetip beretuǵın etnografiyalıq derek esaplanadı.

**Paydalanılǵan adebiyatlar:**

1. Karakalpakskiy ornament: obraz i smısl. I.Bogoslovskaya.Almatı-2019
2. Materialnaya kultura gorodov Xorezma v XIII-XIV vekax. M.Kıdırniyazov.Karakalpakstan-1989g.
3. Kustarnıe promıslı v bıtu narodov Uzbekistana XIX-XXvv.Tashkent. «Fan» 1986g.